



Rekòmandasyon pou Regleman pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo

Sipèentandan Doktè Brenda Cassellius
Monica Roberts, Chèt Avansman Fanmi ak Kominote
14 jiyè, 2021

Misyon Gwoup Travay la

Pou bati sou fondasyon travay ke Gwoup Travay Sipèentandan an te etabli pou Kritè Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ap fè a, Gwoup Travay Admisyon Komite Skolè a pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo va devlope yon seri rekòmandasyon pou regleman admisyon pou Lekòl Konkou Antre sistèm Lekòl Piblik Boston an. Rezilta nou ta renmen wè a se elaji kantite gwoup kandida yo, epi kreye yon pwosesis admisyon ki ta ka kore enskripsyon elèv yo nan chak lekòl konkou antre, nan yon fason kote ke nou ta toujou mentni yon standa siperyè e gwoup elèv yo ta reflete pi byen **divèsite rasyal, sosyoekonomik, e jeyografik** tout elèv vil Boston (depi nan klas jadendanfan K rive jiska klas 12yèm ane). Gwoup Travay la va konsidere itilizasyon nouvo evalyasyon NWEA la ak kèk lòt eleman, epi eksplwate aprantisaj ki sot nan yon revizyon okonplè enplemantasyon kritè admisyon yo pou ane skolè 2021-2022 a, ansanm ak revizyon divès pratik k ap fèt nan kèk lòt distri.

Manm Gwoup Travay la

- Ko-Prezidan, **Michael Contompasis**, ansyen Direktè lekòl Boston Latin School e ansyen Sipèentandan BPS
- Ko-Prezidan, **Tanisha M. Sullivan**, Esq. (Avoka), Prezidan, Branch Boston NAACP a, e ansyen Ofisye Egzektif Biwo Ekite BPS
- **Pastor Samuel Acevedo**, Ko-Prezidan, Gwoup Travay pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Reyisit
- **Acacia Aguirra**, yon paran, lekòl John D. O' Bryant School of Math and Science
- **Simon Chernow**, elèv, lekòl Boston Latin Academy
- **Matt Cregor**, Avoka, Komite Konseye Legal Sante Mantal, Lakou Siprèm Jidisyè
- **Doktè Tanya Freeman-Wisdom**, Direktris Lekòl, John D. O' Bryant School of Math and Science
- **Katherine Grassa**, Direktris, lekòl Curley K-8 School
- **Zena Lum**, paran, lekòl Boston Latin Academy
- **Zoe Nagasawa**, elèv, lekòl Boston Latin School
- **Rachel Skerritt**, Direktris, lekòl Boston Latin School
- **Doktè Rosann Tung**, Chèchè Endepandan
- **Tamara Waite**, paran, lekòl Philbrick Elementary School

Rezònman Rekòmandasyon an

Te gen plizyè eleman ki te revize lòske rekòmandasyon final sa a t ap fèt.

- Pandanke n ap fè efò pou n devni yon òganizasyon ki ta pi ekitab e pi ekselan, regleman sa a reponn a misyon Komite Skolè a ak Plan Stratejik nou an.
- Objektif la se pou n genyen yon pwosesis senplifye ki fasil pou konprann, e asire ke plis elèv jwenn aksè nan lekòl konkou antre yo - espesyalman sila yo ki nan sityasyon ekonomik mwens favorize.
- Regleman pwopoze a ogmante opòtinite ekitab e an menm tan mentni standa skolè siperyè.
- Yon revizyon done yo ak similasyon yo te montre kèk ti diferans minè ant pwopozisyon 20%/80% an ak pwopozisyon 100% an.
- Regleman sa a abòde pèsepsyon sila a ki di ke rezèvasyon plas pou elèv ki bay pi bon rannman yo ale kont dezi nou pou n devni yon distri anti-rasis ekitab.
- Lekòl Piblik Boston dwe restore konfyans ak konfidans nan pwosesis nou an avèk kominote nou an ki , li menm, te kore apwòch 100% an.

Regleman Sipèentandan an Pwopoze a

Etap 1 : Kilès ki elijib ?

Objektif : *Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo*

Gwoup Kandida yo: Elèv yo bezwen yon minimòm GPA (mwayèn jeneral nòt) « B » pou nou konsidere yo kòm pati gwoup kandida yo. Elèv elijib yo ap resevwa yon nòt konpoze k ap baze sou evalyasyon (30%) ak mwayèn jeneral nòt GPA (70%) avèk kèk nòt anplis pwobab.

Etap 2 : Kilès ki Envite

Objektif : *Asire Aksè nan Tout Vil la*

Deziyasyon : 100% envitasyon yo distribye atravè grad dirèk andedan klasman sosyoekonomik yo.

Etap 1 : Kilès ki elijib ?

Objektif : Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo

Peryòd Admisyon an	Nòt	Evalyasyon	Endikatè Nivo Povrete ki Wo
Ane Skolè 2022-2023	100% <ul style="list-style-type: none">Yon mwayèn jeneral nòt de « B », oswa pi woPremye 2 trimès klas 6yèm/8yèm ane yo : ELA (Gramè ak Literati Anglè), Matematik, Syans, ak Syans Sosyal	0% <p>Pa genyen okenn evalyasyon ki egzije akòz pandemi COVID-19 la ki la toujou</p>	<ul style="list-style-type: none">15 pwen pou elèv ki abite nan lojman piblik BHA yo (Otorite Lojman Boston), ki san lojman oswa ki anba swen DCF (Depatman Timoun ak Fanmi) OSWA
Ane Skolè 2022-2023, e aprè	70% <ul style="list-style-type: none">Yon mwayèn jeneral nòt de « B » oswa pi woDènye trimès klas 5yèm/7yèm ane yo : ELA (Gramè ak Literati Angle) ak Matematik	30% <p>Evalyasyon egzije nan ELA (Gramè ak Literati Angle) ak Matematik</p>	<ul style="list-style-type: none">10 pwen pou elèv ki ale nan yon lekòl kote 40% nan elèv ki enskri yo soti pami fanmi sila yo ki pa genyen twòp mwayen ekonomik

Etap 2 : Kilès ki Envite

Objektif : Asire Aksè nan Tout Vil la

Apati peryòd admisyon ane skolè 2022-2023 a, 100% envitasyon yo ap distribye avèk èd itilizasyon grad dirèk andedan 8 klasman sosyoekonomik. Chak klasman ap resevwa apeprè menm kantite envitasyon.

Ki sa ki yon klasman ?


Yon klasman se yon gwoup zòn jeyografik nan vil la ki genyen karakteristik sosyoekonomik ki sanble. Sa kreye yon nòt ki baze sou senk karakteristik : (1) Pousantaj moun ki anba limit povrete a ; (2) Pousantaj fwaye kote fwaye a pwopriyete ; (3) Pousantaj fanmi ki genyen yon sèl paran an chaj li ; (4) Pousantaj fwaye kote yon lòt lang pale apa de angle ; ak (5) Nivo edikasyon yo rive atenn.

Ki jan sa fonksyone ?

Nou deziyen elèv yo nan youn nan uit klasman sa yo selon adrès kay yo, epi y ap an konpetisyon sèlman avèk lòt elèv ki nan menm klasman avèk yo. Chak klasman ap resevwa apeprè menm kantite plas. N ap distribye envitasyon yo nan 10 tou, kote ke ap genyen 10% nan plas disponib yo nan chak klasman pou chak tou.

Klasman ki genyen nòt sosyoekonomik ki pi ba a ap premye nan chak tou.

Note ke : N ap deziyen kèk pwèn anplis pou elèv yo sou baz eleman ki nan dyapozitif 6 la, olye pou n ta mete yo nan yon klasman apa.



Rekòmandasyon Anplis sou Enplemantasyon

N ap devlope yon Sikilè Sipèentandan pou n operasyonalize regleman an ak rekòmandasyon suivan yo :

- **Sipò Elèv** : Devlope e pibliye yon plan pou kore elèv k ap fenk rantre yo ak plan skolè a pou klas 4yèm jiska 6yèm ane.
- **Rapò Anyèl** : Pibliye yon rapò anyèl ki genyen ladan l rannman dezagrege (rannman endividyèl) elèv yo ak evalyasyon pwogram yo.
- **Investisman** : Planifye pou yon bidjè ki kapab mete regleman an sou pye.
- **Kominikasyon** : Planifye pou angajman avèk fanmi yo ak kominote a ak pou kominikasyon konsènan demann nan ak pwosesis envitasyon an.
- **Notasyon** : Devlope e pibliye yon regleman notasyon (pou kalkile nòt) pou distri a ki koyeran e ekitab.
- **Revizyon ak Evalyasyon Regleman an** : Chak senk an n ap revize regleman sa a ansanm ak yon mizajou sou rezilta yo.

Kwonoloji pou n Kontinye

- Si l apwouve :
 - **Imedyatman** : Envesti nan kapasite entèn, epi kòmanse planifye pou yon kanpay sansibilizasyon gran piblik la ak enplemantasyon regleman yo
 - **Otòn 2021** : Pibliye done final sou klasman sosyoekonomik yo epi lanse yon konpay kominikasyon ak sansabilizasyon pou fanmi yo nan tout vil la.
 - **Otòn 2021** : Aliyen atant ansèyman yo avèk yon regleman notasyon ki ekitab
 - **Ivè 2021** : Pwosesis demann nan ap kòmanse, l ap genyen ladan l enskripsyon ak demann pou elèv ki pa elèv Lekòl Piblik Boston, ak idantifikasyon elèv Lekòl Piblik Boston sila yo ki kalifye, aprè fen dezyèm peryòd kanè nòt la
 - **Prentan 2022** : Voye envitasyon pou ane skolè 2022-2023 a
 - **Jen 2022** : Prezante mizajou yo devan Komite Skolè a

